



## Fè yon Chèdèv

### Skilti Papye

Gade aktivite sa nan chanèl YouTube.

#### Kisa ke ou bezwen:

Tout sa ke ou bezwen pou kapab fè yon silti papye 3-dimansyonèl se yon bon kou papye. Nenpòt ki kalite papye kapab travay: Papye pou ranpli bwat, magazin oubyen papye avètisman, papye pou enprimant, papye konstriksyon, ets. Ou kapab vle ajoute:


- Sizo
- Tep oubyen lakòl
- Bwat katon oubyen papye ki di pou baz la



#### Kisa pou fè:

Lè w'ap fè skilti papye, li ba'w defi pou kapab pran yon pyès papye a, ete li nan yon nouvo dimansyon. 3èm dimansyon an, pou kapab ekzak! Pa gen okenn move fason pou fè sa. Li kapab osi senp ke chire oubyen chifonen papye an oubyen osi konplike ke pliye nan yon fason ki detaye oubyen origami. Men de twa teknik pou kapab kòmanse:

- **Chire e chifonen.** Chire e chifonen papye eksplike tèt li, e se yon bon ekzèsis pou mis yo pou yo kapab ekri! Papye ki chifonen amizan pou skilte ak yo. Plis ou chifonen yon moso papye, plis liss e mou ke li vinn ye.
- **Ba'l pye.** Koupe yon moso papye ki long e pliye li sou apeprè mwatyè yon pou de chak pwent vè mitan pou kapab fè pye ke ou kapab kole oubyen tepe nan baz lan.
- **Pliye** Yon senp pliye tankou akòdeyon pa jis pou fè yon evantay, pliye tankou akòdeyon kapab kouche plat oubyen kanpe dwat. Pliye kapab enkli origami ki detaye oubyen fòm jeometrik tankou kib.
- **Boukle** Menm jan ak syans ki dèyè mare riban, lè w'ap sèvi ak papye ou kapab woule li ozalan tou yon silend e peze sou li pou ede li kenbe fòm li lè ou retire silend lan. Timoun ki pi piti kapab woule yon moso papye de 1 pou oubyen  $\frac{1}{2}$  pouz ozalantou de yon makè ki gwo. Timoun ki pi gran kapab eseye yon moso papye ki  $\frac{1}{4}$  pouz ki woule otou de yon kreyon oubyen yon aplikatè. Konsèy pwofesyonèl: Si ou sèvi a yon dechiktè se fason pi rapid pou koupe pafètman an ti moso papye pou kapab boukle.



Jwenn plis aktivite pou lakay ou nan <http://discoveryacton.org/discovery-home>.

978-264-4200 • 177 Main Street (Route 27) • Acton, MA 01720 • [discoveryacton.org](http://discoveryacton.org)